# PREZIDENT SHAVKAT MIRZIYOEVTIŃ BMSH INSAN HUQÍQLARÍ BOYÍNSHA KEŃESINIŃ 46-SESSIYASÍNDAǴÍ ShÍǴÍP SÓYLEGEN SÓZI

Image not found or type unknown

Húrmetli baslıq Najot Shamim Xan xanım!

Húrmetli Joqarǵı komissar Mishel Bachelet xanım!

Xanımlar hám mırzalar!

Búgin Ózbekstan Insan huqıqları boyınsha keńes aǵzası sıpatında bul ushırasıwda birinshi márte qatnaspaqta.

Biz sońǵı jıllar dawamında Keńeske aǵza bolıw ushın pútkil juwapkershilikti ańlaǵan halda umtılıp kelgenimizdi atap ótpekshimen.

Demokratiyalıq reformalarımız jańa Ózbekstandı qurıwǵa qaratılǵan bolıp, bul ózgerisler artqa qaytpaytuǵınday tús aldı.

Biz Birlesken Milletler Shólkeminiń «Insan huqıqları jolındaǵı háreketke shaqırıq» baslamasın alǵa qoyıw ushın Keńes aǵzaları, barlıq sheriklerimiz benen tıǵız birge islesiwdi dawam ettiremiz.

Húrmetli ánjuman qatnasıwshıları!

Ózbekstanda demokratiyalıq ózgerislerdi jáne de tereńlestiriw hám Keńes sheńberindegi jumısımızdıń tiykarǵı baǵdarları tómendegilerden ibarat.

Birinshiden, insannıń tiykarǵı huqıq hám erkinliklerin támiyinlew Ózbekstandaǵı reformalarda eń áhmiyetli orında turadı.

2030-jılǵa shekem mólsherlengen Turaqlı rawajlanıw maqsetleri elimizde hár bir insannıń huqıq hám nızamlı máplerin támiyinlewdi názerde tutatuǵın «hesh kimdi itibardan shette qaldırmayıq» principi tiykarında ámelge asırıladı.

Bul jerde sóz Insan huqıqları boyınsha Joqarǵı komissar basqarması ekspertleriniń belsene qatnasıwında islep shıǵılǵan insan huqıqları boyınsha milliy strategiyanı ámelge asırıw haqqında barmaqta.

Ekinshiden, biz gender siyasatı máseleleri boyınsha elimizdiń jámiyetlik-siyasiy turmısında hám isbilermenlik tarawında hayallardıń rolin túp-tiykarınan arttırıwǵa qaratılǵan jumıslardı isenimli dawam ettiremiz.

Usı jılı Ózbekstanda Oraylıq Aziya elleri jetekshi hayallarınıń basqospası hám hayal-qızlardıń regionallıq biznes-forumın ótkeriwdi rejelestirmektemiz.

Úshinshiden, óz aldına ayrıqsha járdemge mútáj bolǵan puqaralardıń huqıqların támiyinlewge qatań itibar qaratıladı.

Jaqında mayıplıǵı bolǵan puqaralardıń huqıqları haqqındaǵı jańa nızam kúshke kirdi. Ózbekstan Parlamenti Mayıplar huqıqları haqqındaǵı konvenciyanı ratifikaciyalawı kútilmekte.

Biz imkaniyatı sheklengen puqaralardıń óz qábiletin tolıq júzege shıǵarıwı máseleleri boyınsha Regionallıq keńes dúziwdi usınıs etemiz.

Tórtinshiden, xalqımızdıń yarımınan kóbin quraytuǵın jaslardıń huqıqların qorǵaw bárqulla itibarımız orayında bolıp kelmekte.

Bıyılǵı Ózbekstanda Jaslardı qollap-quwatlaw hám xalıqtıń salamatlıǵın bekkemlew jılı, dep járiyalandı.

Bul baǵdarda biz:

– Birlesken Milletler Shólkemi qáwenderliginde Jaslar huqıqları boyınsha pútkil jer júzilik konferenciyasın ótkeriw;

– BMSh Ekonomikalıq hám sociallıq keńesiniń onınshı forumında Jaslar huqıqları haqqındaǵı konvenciyanıń joybarın usınıw;

sonday-aq, Jaslar huqıqları boyınsha arnawlı bayanatshı institutın shólkemlestiriw máselesin kirgiziwge tayarlıq kórmektemiz.

Besinshiden,  biz Xalıqaralıq miynet shólkemi hám Jáhán banki menen birgelikte májbúriy miynet hám balalar miynetin saplastırıw boyınsha úlken jumıslardı ámelge asırdıq. Bul reformalarımızdaǵı eń tiykarǵı jetiskenliklerimizden biri boldı.

2021-jılı, yaǵnıy Balalar miynetin saplastırıw xalıqaralıq jılında Balalar Ombudsmanı haqqındaǵı nızamdı qabıl etemiz.

Altınshıdan, «Insan huqıqları tarawında bilimlendiriw» deklaraciyasınıń 10 jıllıǵına baǵıshlap biz Joqarǵı komissar basqarması menen birgelikte global forum ótkeriwdi usınıs etemiz. Oqıtıw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde BMShtıń insan huqıqları tarawındaǵı Íqtıyarıy tólemler qorına óz úlesimizdi qospaqshımız.

Jetinshiden,  Bas xatker Ullı mártebeli mırza Antoniu Guterrishtiń  puqaralıǵı bolmaǵan shaxslar sanın azaytıw boyınsha qatań ilajlar kóriw haqqındaǵı usınısın qollap-quwatlaymız.

Tek ǵana ótken jıldıń ózinde 50 mıń watanlasımız Ózbekstan puqaralıǵına qabıl etildi, bıyıl jáne 20 mıńnan aslam adam puqaralıqqa iye boladı.

Xanımlar hám mırzalar!

Biz erisken nátiyjelerimiz benen toqtap qalmastan, bunnan bılay da  puqaralıq jámiyeti institutların jáne de rawajlandırıw, Ózbekstanda sóz erkinligin hár tárepleme qollap-quwatlawdı bekkem maqset etkenbiz.

Usı tiykarda mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler hám ǵalaba xabar quralları haqqında kodeksler islep shıǵılmaqta.

Birlesken Milletler Shólkeminiń din yamasa isenim erkinligi, sudyalar hám advokatlar ǵárezsizligi máseleleri boyınsha arnawlı bayanatshılarınıń usınısların ayrıqsha itibarǵa alǵanbız.

Insan huqıqları boyınsha keńeske Sudyalar keńesleri jumısınıń universal principlerin islep shıǵıw máselesin kórip shıǵıwdı usınıs etemiz.

Qıynawlardıń aldın alıw boyınsha milliy preventiv mexanizmdi engiziw sheńberinde biz adamnıń qádir-qımbatın jerge uratuǵın, adamgershilikke qarama-qarsı bolǵan qıynawlardıń hár qanday kórinisine bunnan bılay da ulıwma jol qoymaymız. Bunday jınayatlar qashan júz bergenine qaramastan, olar ushın jaza anıq.

Qıynawlarǵa qarsı konvenciyanıń Fakultativ protokolın ratifikaciyalaymız.

Usı máseleler boyınsha birge islesiw maqsetinde Qıynawlar máselesi boyınsha arnawlı bayanatshını Ózbekstanǵa mirát etiwge tayarlıq kórip atırmız.

Húrmetli májilis qatnasıwshıları!

Ózbekstan insan huqıqları tarawındaǵı xalıqaralıq minnetlemelerine qatań sadıq qaladı.

Sonıń menen birge, biz insan huqıqları baǵdarında ele úlken joldıń basında turǵanımızdı jaqsı túsinemiz hám xalıqaralıq birge islesiwshilerimizdiń qollap-quwatlaytuǵınına úmit etemiz. Sol múnásibet penen Insan huqıqları boyınsha Joqarǵı komissar Mishel Bachelet xanımnıń elimizge saparın kútip qalamız.

Bul boyınsha mandatqa iye bolǵan barlıq wákillerdiń Ózbekstanǵa keliwi ushın turaqlı mirátnama jiberiw haqqında qarardı qabıl etemiz.

Sonday-aq, Aziya kontinentiniń insan huqıqları boyınsha regionallıq mexanizmin turaqlı jumıs kórsetetuǵın platforma-Samarqand forumı tiykarında jaratıw boyınsha járdem beriwge tayarmız.

Húrmetli doslar!

Birlesken Milletler Shólkeminiń 75 jıllıq tariyxı insan huqıqlarınıń universal qádiriyat ekenin anıq dálilledi. Bul tiykarǵı principsiz jer júzinde tınıshlıq, qáwipsizlik hám turaqlı rawajlanıwǵa erisip bolmaydı.

Sózimnniń juwmaǵında sonı jáne bir márte atap aytpaqshıman: Ózbekstan Insan huqıqları boyınsha keńes aǵzası sıpatında xalıqaralıq huqıqtıń insan huqıqlarına baylanıslı ulıwma tán alınǵan principleri menen normaların qatań qorǵaydı hám jedel alǵa qoyadı.

Itibarıńız ushın raxmet.